ToTAL
Tout Timoun Ap Li

Map li nèt ale

Kaye Egzèsis Kreyòl

Tòm 3

Twazyèm ane

USAID | AYITI
ÈD PÈP AMERIKEN

Ministère de l'Education Nationale
et de la Formation Professionnelle

Remèsiman espesyal

Metòd « M ap li nèt ale » se rezilta èd pèp ameriken an bay Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) pa mwayen pwojè ToTAL (Tout Timoun Ap Li). Se RTI Entènasyonal k ap egzekite l pou USAID/ Ayiti.

Metòd « M ap li nèt ale, 3èm ane » a te jwenn konkou anpil moun pou l ka rive reyalize. Yo te pote kontribisyon yo nan konsepsyon ak elaborasyon materyèl la, nan fason yo te soutni travay la ak nan konsèy yo te bay. Se poutèt sa n ap remèsye espesyalman :

Moun ki te patisipe nan elaborasyon, konsepsyon ak koreksyon materyèl la :

Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES, Spécialiste du développement des matériels de créole, USAID/ RTI/ ToTAL

Reginald Calixte BRICE, Educateur, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL

Jovany VINCENT, Educateur, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL

Standley KETAN, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL

Walph Ferentzi YOUYOU, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL

Darline ALEXIS, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL, (Correction et relecture)

Josette GABOTON, Consultante, DEF/ EPT-BM (Correction)

Fritz Berg JEANNOT, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL (Relecture)

Nathalie LEMAINE, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL (Élaboratrice d'histoires)

Marie Rodny Laurent ESTÉUS, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL (Élaboratrice d'histoires)

Marlène ETIENNE, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL (Élaboratrice d'histoires)

Mitchell Pierre, Illustrateur, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL

Moun ki te soutni ak bay konsèy

Loretta GARDEN, USAID

Fabiola LOPEZ-MINATCHY, USAID

Josiane H. BARNES, USAID

Nathalie RICOT, USAID

Kadidia DIENTA, COP, USAID/ RTI/ ToTAL

Andrew JOHNSTON, DCOP, USAID/ RTI/ ToTAL

Mary DENAUW, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL

Laurette CUPIDON, Coordonnatrice du Curriculum, USAID/ RTI/ ToTAL

Emmanuel FILIPPI, Coordonnateur du bureau du Nord, USAID/ RTI/ ToTAL

Lionel HOGU, Consultant, DEF/ MENFP

Jean Winor PIERRE, Directeur, DEF/ MENFP

Claudin SAINT- JOUR, Chef de service du Curriculum et formation, DEF, MENFP

Chantal ROQUES, Coordonnatrice PDCL

Raymond JEAN-LOUIS, Responsable de formation PDCL

Dieudonne JOSEPH

Jean Daniel CLEDOR

Alius JOSEPH

Sa ki nan liv la

Leson 101 2
Leson 102 4
Leson 103 6
Leson 104 8
Leson 105 10
Leson 106 12
Leson 107 14
Leson 108 16
Leson 109 18
Leson 110 20
Leson 111 22
Leson 112 24
Leson 113 26
Leson 114 28
Leson 115 30
Leson 116 32
Leson 117 34
Leson 118 36
Leson 119 38
Leson 120 40
Leson 121 42
Leson 122 44
Leson 123 46
Leson 124 48
Leson 125 50
Leson 126 52
Leson 127 54
Leson 128 56
Leson 129 58
Leson 130 60
Leson 131 62
Leson 132 64
Leson 133 66
Leson 134 68
Leson 135 70
Leson 136 72
Leson 137 74
Leson 138 76
Leson 139 78
Leson 140 80
Leson 141 82
Leson 142 84
Leson 143 86
Leson 144 88
Leson 145 90
Leson 146 Modèl evalyasyon 1 92
Leson 147 Modèl evalyasyon 2 96
Leson 148 Modèl evalyasyon 3 99
Leson 149 Modèl evalyasyon 4 102
Leson 150 Modèl evalyasyon 5 105

Leson 101

1a. Nan chak fraz, souliye gwoup vèbal la. Aprè sa, mete V sou vèb la, K.O.D sou konpleman objè dirèk la.

Elèn pral achte valiz. Pòl konn fè machin.

1b. Fè yon fraz ki gen yon konpleman objè dirèk.

2. Sèke mo ki ka gen menm sans ak mo *enkyè.*

twouble trankil toumante kontan boulvèse

3. Nan chak fraz, mo yo kole. Separe mo yo epi kopye fraz la.

Samsonapfèekilibsoubekànnan : _____

Aprènouvèlsaa,Ivtoenkyè : _____

4. Daprè tèks ou te li a, reponn kesyon yo.

a. Wozlò di li : « Mwen kwè nou gen kont, nou pa bezwen manje plis. » Nan fraz sa a, ki sa mo kont vle di.

_____

_____

b. Mete fraz sa yo nan lòd selon jan istwa a dewoule nan tèks la.

- Pye Ketna glise sou pye mango a.
- Ketna ak Wozlò al keyi mango.
- Dokte a mete bra l nan plat paske l kase.
- Papa Ketna mennen l lopital aprè l fin tonbe a.

_____

_____

_____

_____

5. Ekri yon tèks pou rakonte sa ou t ap fè si se ou ki te tonbe.

Leson 102

1a. Nan chak fraz, souliye gwoup vèbal la. Aprè sa, mete V sou vèb la, K.O.D sou konpleman objè dirèk la.

Richa keyi yon mango. Anèt bwè anpil dlo.

1b. Fè yon fraz ki gen yon konpleman objè dirèk (Suiv modèl la).

2. Fè de fraz ak mo *plat.* Nan chak ka, fraz la ak mo a dwe gen yon sans diferan.

plat : _____.

plat : _____.

3. Ekri nan lòd chak fraz ki andezòd.

a la bibliyotèk yon prete nan liv Frèd.

b. Wozlò radyografi fè Doktè Leyon voye.

4. Ou ta renmen ekri yon istwa sou yon aksidan ki rive.

Ki non pèsonaj yo ? _____

Ki kote yo ye ? _____

Ki sa y ap fè ? _____

Ki aksidan ki rive ? _____

Ki sa yo oblije fè ? _____

Kòman sa fini ? _____

5. Ekri yon tèks pou rakonte yon aksidan ki rive (Itilize enfòmasyon ki nan egzèsis nimewo 4 la).

Leson 103

1a. Nan chak fraz, souliye gwoup vèbal la. Aprè sa, mete V sou vèb la, K.O.D sou konpleman objè dirèk la.

Badèt rankontre zanmi li yo.

Kami ap tann manman li.

1b. Fè yon fraz ki gen yon konpleman objè dirèk (Suiv modèl la).

2. Ansèke non maladi yo.

malarya dwèt tetanòs lestomak lawoujòl janm saranpyon

3. Ekri non kèk maladi ou konnen.

4. Daprè tèks ou te li a, reponn kesyon yo.

a. Ki maladi Jak fè ?

_____

_____

b. Ekri Vre oswa Pa vre akote fraz yo.

_____ Jak te gen lafyèv tout jounen an.

_____ Se yon ras papiyon ki bay malarya.

_____ Lafyèv frison ak maltèt nan aswè se siy malarya.

_____ Klowokin se yon medikaman moun pran pou malarya.

_____ Anofèl yo bay malarya.

5. Ekri yon tèks pou imajine tout aktivite Jak pral fè lè li sot lopital.

Leson 104

1a. Nan chak fraz, souliye gwoup vèbal la. Aprè sa, mete V sou vèb la, K.O.D sou konpleman objè dirèk la.

Jilmis ranmase tout veso yo.

Chèlin netwaye tout kay la.

1b. Fè yon fraz ki gen yon konpleman objè dirèk (Suiv modèl la).

2. Desine yon moustikè nan kaz la.

3. Mo sa yo kole. Separe yo epi kopye yo.

moustikèplatenkyèekilib

4. Ekri nan chak kaz enfòmasyon sou malarya.

Non bèt ki bay malarya

_____

_____

Siy ki montre yon moun fè malarya

_____

_____

_____

Medikaman ki bon pou malarya

_____

_____

_____

Sa ki merite fèt pou kwape malarya

_____

_____

_____

5. Ekri yon tèks sou malarya (Itilize enfòmasyon ki nan egzèsis nimewo 4 la).

Leson 105

1. Nan chak fraz, pase trè anba konpleman objè dirèk la lè li posib.

- Lara ap li.
- Pechè a kenbe yon pwason.
- Yon aksidan rive.
- Ketna monte pye mango a.
- Elèv yo te eksite.
- Jounen an te fèk kòmanse !
- Timoun yo ap tire kont.
- Dali achte medikaman.

2. Chwazi mo ki gen rapò ak chak definisyon.

konvèsasyon takinen ekilib anofèl radyografi

- _____ rete kanpe san pwoblèm
- _____ imaj yon pati nan kò moun
- _____ sa youn ap di lòt
- _____ bèt ki bay malarya
- _____ renmen annuiye moun

3. Koute fraz yo epi ekri yo.

4. Daprè pwezi ou te li a, ekri tout jan yon marigwen ka takinen moun.

5. Ekri yon ti pwezi sou marengwen.

Leson 106

1a. Nan chak fraz, souliye gwoup vèbal la. Aprè sa, mete V sou vèb la, K.O.E sou konpleman objè endirèk la.

Sonya soti ak papa li. Tamara ap jwe ak Jislin.

1b. Fè yon fraz ki gen yon konpleman objè endirèk (Suiv modèl la).

2. Ekri tout sa ou konnen ki lakòz *polisyon*.

3. Mo kache.

polisyon anviwònman endistri lapèch

p	o	l	i	s	y	y	y	o	n	l	a	p	è	j	
o	n	a	n	v	i	w	ò	n	m	a	n	l	b	h	
v	d	l	m	t	w	r	o	d	s	w	z	v	b	i	
i	l	a	p	è	c	h	e	n	d	i	s	t	r	i	
s	p	o	l	i	s	y	o	n	l	b	è	t	r	i	

4. Daprè tèks ou te li a, reponn kesyon sa yo.

a. Pou ki sa pechè yo kite nas yo anba lanmè a ?

b. Ki sa ki ka lakòz pwason al kache lwen nan fon lanmè.

5. Ekri yon tèks pou di pou ki sa *ou pa dakò* pou moun jete fatra nan lanmè a.

Leson 107

1a. Nan chak fraz, souliye gwoup vèbal la. Aprè sa, mete V sou vèb la, K.O.E sou konpleman objè endirèk la.

Bòs Jozèf travay pou Nèlson.

Wilfrid ap li pou pitit li.

1b. Fè yon fraz ki gen yon konpleman objè endirèk (Suiv modèl la).

2. Konplete chak fraz ak mo sa yo.

polisyon resiklaj endistri rivaj

- Gen anpil pye kokoye sou _____ la.
- _____ se yon danje pou sante moun ak bèt.
- Izin kola a fè _____ boutèy plastik yo.

3. Separe mo yo epi kopye fraz la.

Ednètoujoulevedouvanjoupoulialepeche

4. Daprè tèks la, ekri twa danje ki menase pwason yo.

Premye danje	Dezyèm danje	Twazyèm danje
_____	_____	_____
_____	_____	_____

5. Ekri yon tèks pou di ki jan ou ka pwoteje pwason yo kont twa danje yo (Itilize enfòmasyon ki nan egzèsis nimewo 4 la).

Leson 108

1a. Nan chak fraz, souliye gwoup vèbal la. Aprè sa, mete V sou vèb la, K.O.E sou konpleman objè dirèk la.

Silven vini san malèt li. Kabrit la ap mache san kòd.

1b. Fè yon fraz ki gen yon konpleman objè endirèk (Suiv modèl la).

2. Mete nan chak won yon aksyon ou k ap fè nan yon pinik.



3. Ekri lèt ki manke yo pou jwenn mo ki nan tèks la.

bl_____g ; _____andol_____t ; am_____z_____ ; _____ikn_____k ;

4. Daprè tèks ou te li a, sèke bon repons yo.

a. Elèv klas Milin yo te al nan _____

- kanaval
- bibliyotèk
- piknik

b. Elèv yo te aprann femèl zandolit ponn _____

- ven ze pa pote
- sis ze pa pote
- yon ze pa pote

ch. Lè ke zandolit kase, ke a _____

- pa janm pouse
- repouse
- ka pouse yon wòch

5. Ekri yon tèks pou rakonte tout sa ou konnen sou zandolit.

Leson 109

1a. Nan chak fraz, souliye gwoup vèbal la. Aprè sa, mete V sou vèb la, *K.O.E* sou konpleman objè dirèk la.

Direktè a pale de Gaston.

Mwen tande pale de Masèl.

1b. Fè yon fraz ki gen yon konpleman objè endirèk (Suiv modèl la).

2. Ekri non kèk *ensèk* ou konnen.

3. Nan chak kaz gen yon moso nan yon fraz. Jwenn lòt moso fraz ki mache avè l la. Aprè sa, ekri fraz la (fraz la dwe gen sans).

polisyon ap detwi anviwònman	ponn sis ze nan chak pòte
femèl zandolit la ka	kote pwason yo ap viv

4. Ekri enfòmasyon sou yon piknik ou ta renmen ale.

Kilè ou pral nan piknik la ?

_____

_____

Ki bò ou pral nan piknik la ?

_____

_____

Piknik

Ak kilès ou prale ?

_____

_____

Ki aktivite w ap fè pou amize w ?

_____

_____

5. Ekri yon tèks sou yon piknik ou ta renmen ale (Itilize enfòmasyon ki nan egzèsis nimewo 4 la).

Leson 110

1. Nan chak fraz, sèke konpleman objè dirèk la oswa pase yon trè anba konpleman objè endirèk la.

- Timoun yo obsève bèt yo.
- Lorèt ak Pipo ap flannen ak paran yo.
- Mwen pèdi yon kaye ble.
- Seza jwenn bwat lajan an.
- Aliya ap danse pou zanmi li yo.

2. Mete V (vre) oswa PV (pa vre).

- _____ yon endistri se kote yo pwodui divès kalite objè.
- _____ polisyon bon anpil pou anviwònman an.
- _____ takinen se lè ou fè kè yon moun kontan.
- _____ rivaj vle di pati tè bò lanmè.
- _____ konje se jou ki pa gen lekòl ak travay.

3. Koute fraz yo epi ekri yo.

4. Daprè pwezi ou te li *a*, eksplike pou ki *sa* yo di *ti pwason malen*.

5. Ekri yon pwezi sou yon bèt ou konnen ki malen menm jan *ak* ti pwason.

Leson 111

1a. Nan chak fraz, souliye gwoup vèbal la. Aprè sa, antoure advèb lye a.

- Sabin kanpe devan baryè a.
- Founa kache anba tab la.

1b. Fè yon fraz ak chak advèb lye sa yo.

deyò dèyè

2. Nan chak fraz, ranplase mo ki souliye a ak youn nan mo sa yo. Fraz la dwe gen menm sans la.

enkyè takinen kontan kontrarye

- Elèv yo fache paske bis la rive anreta. _____
- Danyo ak Neyil toumante lè yo wè kamyon an pote twòp chay.

  _____
- Nòmil toujou ap annuiye zanmi l yo. _____

3. Antoure mo ki mal ekri yo. Aprè sa ekri yo byen.

Mesye Seza se mèt pi gwo majasen nan vil la. Li vann tout kalite pwodiu.

4. Daprè tèks ou te li a, reponn kesyon yo.

a. Pou ki sa Seza te kontrarye anpil ?

_____

_____

b. Ki pwomès enspektè a fè Seza ?

_____

_____

5. Ekri yon tèks pou imajine ki sa enspektè a pral fè pou li jwenn lajan Seza a.

Leson 112

1a. Nan chak fraz, souliye gwoup vèbal la. Aprè sa, antoure advèb tan an.

- Jonas te ale lekòl yè.
- Lekòl ap louvri demen.

1b. Fè yon fraz ak chak advèb tan sa yo.

pita kounye a

2. Chwazi youn nan mo sa yo pou konplete chak fraz (Fraz la dwe gen sans).

kès konje akize ankèt

- Li pa bon pou _____ moun san prèv.
- Lapolis ap mennen yon _____ nan zòn nan.
- Jina achte yon ti _____ pou l mete kòb li.

3. Konplete fraz la ak mo ki byen ekri a.

a. Jera _____ anpil jodi a.

• kontrayre • kontrarye • konntwarye

b. Pwofesè a ap mennen yon _____ nan klas la.

• ankèt • aknèt • ankètte

ch. Aliks toujou ap _____ moun san rezon.

• akuize • azike • akize

4. Imajine ou se yon enspektè ki pral mennen yon ankèt. Ekri enfòmasyon yo nan kaz la.

Kilès ki gen pwoblèm nan ? _____

Ki kote li rete ? _____

Ki metye li ? _____

Ki pwoblem li genyen : _____

Ki sa yo oblije fè ? _____

Kilès ou ka poze kesyon : _____

5. Ekri yon tèks pou rakonte yon ankèt ou pral mennen pou rezoud yon pwoblèm yon moun genyen (Itilize enfòmasyon ki nan egzèsis nimewo 4 la).

Leson 113

1a. Nan chak fraz, souliye gwoup vèbal la. Aprè sa, antoure *advèb manyè a*.

- Wonèl ap travay vit.
- Toma ap mache dousman.

1b. Fè yon fraz ak chak advèb manyè sa yo.

fò ba

2. Fè yon fraz ak chak mo sa yo.

manda fouye

3. Ekri lèt ki manke pou jwenn mo ki nan tèks la.

en_____pe_____tè ; _____outi_____ ; vwa_____ in_____ j ; _____ isp_____rèt

4. Daprè tèks ou te li a, sèke bon repons yo.

a. Enspektè a te gen yon _____ pou l al fouye kay Paskal.

- manda
- pèl
- traktè

b. Seza te sere bwat lajan an _____.

- nan frijidè a
- anba kabann nan
- nan fou a

ch. Seza akize Paskal _____

- san prèv
- ak prèv
- ak respè

5. Ekri yon tèks pou di ki pwoblèm ki ka rive lè ou akize yon moun san prèv.

Leson 114

1a. Nan chak fraz, souliye gwoup vèbal la. Aprè sa, antoure *advèb kantite a.*

- Wislin keyi anpil mango.
- Woni kenbe plis pwason jodi a.

1b. Fè yon fraz ak chak advèb kantite sa yo.

tout enpe

2. Mete V (vre) oswa PV (pa vre).

- _____ inosan se yon moun ki koupab.
- _____ inosan gen menm sans ak mo kontrarye.
- _____ inosan vle di ki pa koupab.
- _____ si yon moun pa fè yon aksyon, li se yon inosan.
- _____ inosan se yon forè ki gen san pyebwa.

3. Mo kache.

Mo nan kolòn agoch la (A) ekri andezòd. Fè yon flèch soti nan mo ki nan kolòn agoch (A) pou rive nan mo ki nan kolòn adwat (B) ki koresponn ak li.

A	B
1. innosann •	• fouye
2. eskise •	• inosan
3. madna •	• manda
4. fouille •	• eskize
	• kontrarye

4. Ekri nan chak kaz enfòmasyon sou tèks la.

Tit _____

Non pèsonaj yo	Kalite oubyen defo chak pèsonaj
	Sa ki pase ?
Kèk aksyon ki fèt	Kòman sa fini ?

5. Ekri yon tèks pou di ki jan ou t ap fini istwa a.

Leson 115

1. Men yon lis advèb. Ranje yo chak nan kolòn pa yo.

deyò anpil byen demen mwens devan
pita mal enpe toujou pito anba pre

Advèb Lye	Advèb Tan	Advèb Manyè	Advèb Kalite

2. Defini chak mo nan fason pa ou.

ekonomi	polisyon	manda
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____

3. Koute fraz yo epi ekri yo.

4.Daprè pwezi *a*, eksplike enpòtans yon bwat sekrè.

5. Ekri yon pwezi sou yon bwat sekrè *ou genyen* oubyen ou *ta renmen genyen.*

Leson 116

1a. Nan chak fraz, souliye gwoup vèbal la. Aprè sa, mete V sou vèb la, *K.S.L* sou konpleman sikonstansyèl lye a.

- Nadin ale nan sinema.
- Wozlin ap kouri sou teren an.

1b. Fè yon fraz ki gen yon konpleman sikonstansyèl lye (Suiv modèl la).

2. Ekri kèk sitiyasyon kote moun konn fè *erè.*

3. Antoure mo ki mal ekri yo. Aprè sa ekri yo byen.

Lòt jou nan televizyyon, nan emisyon Pawòl Ledikasyon, yo di pèsòn pa gen dwa bat timoun ankò. Epi pwofèsè ak paran dwe toujou ankouwage timoun yo, lè yo fè jefò, lè yo bay bon resillta.

4. Daprè tèks ou te li a, reponn kesyon yo.

a. Si se te ou ki t ap bay istw a tit, ki sa ou t ap ekri ?

_____

_____

b. Ki sa pwofesè ak paran dwe fè pou timoun yo ?

_____

_____

5. Ekri yon tèks pou di pou ki sa li pa bon pou kale elèv lekòl.

Leson 117

1a. Nan chak fraz, souliye gwoup vèbal la. Aprè sa, mete *V* sou vèb la, *K.S.T* sou konpleman sikonstansyèl tan an.

- Zenit ap konpoze demen.
- Babara te ale lopital yè.

1b. Fè yon fraz ki gen yon konpleman sikonstansyèl tan (Suiv modèl la).

2. Chwazi youn nan mo sa yo pou konplete chak fraz.

ekonomi lwa entèrese kachèt dwa

- Tout timoun yo gen _____ pou ale lekòl.
- Depite ak senatè yo vote _____ pou pwoteje timoun yo.
- Lendò _____ pou li aprann jwe twonpèt.

3. Separe mo yo epi ekri yo.

entèresedwaekonomilwakachèt

4. Ekri nan chak kaz enfòmasyon sou tèks la.

Jan yo te konn maltrete timoun avan lwa a vote	Kèk dwa timoun genyen kounye a
_____	_____
_____	_____

5. Ekri yon tèks pou eksplike pou ki sa timoun gen dwa.

Leson 118

1a. Nan chak fraz, souliye gwoup vèbal la. Aprè sa, mete *V* sou vèb la, *K.S.M* sou konpleman sikonstansyèl manyè a.

- Elèv yo reponn ak sajès.
- Fito ap mache dousman.

1b. Fè yon fraz ki gen yon konpleman sikonstansyèl manyè (Suiv modèl la).

2. Ekri non *tout bèt volay* ou konnen.

3. Mo kache.

toutrèl fistibal lachas krapo ranmase

t	o	o	u	t	r	è	è	l	k	r	a	p	o		
l	a	c	h	a	s	f	i	s	t	i	b	ò	l	p	
r	a	n	m	a	s	o	l	n	b	w	a	f			
t	o	u	t	r	è	l	f	i	s	t	i	b	a	l	
r	a	n	m	a	s	e	f	i	o	p	w	z			

4. Dapre tèks ou te li a, reponn kesyon yo.

a. Mete nan lòd tout aksyon Antoni ap fè.

- Aprè sa li pati nan bwa al chase.
- Antoni pase tout jounen an ap tire dèyè toutrèl.
- Antoni mare yon fistibal.

b. Ki jan de moun ou panse Antoni ye ?

5. Ekri yon tèks pou di si se ou ki te nan plas Antoni ki sa ou t ap fè ak krapo a. Pou ki sa ?

Leson 119

1a. Nan chak fraz, souliye gwoup vèbal la. Aprè sa, mete *V* sou vèb la, *K.S.K* sou konpleman sikonstansyèl kòz la.

- Kalo reyisi paske li te byen etidye.
- Finèt gripe paske lapli mouye li.

1b. Fè yon fraz ki gen yon konpleman sikonstansyèl kòz (Suiv modèl la).

2. Mete V (vre) oubyen PV (pa vre)

- _____ reflechi gen menm sans ak mo rafrechi.
- _____ Yon moun k ap panse se yon moun k ap reflechi.
- _____ reflechi ka gen menm sans ak mo panse, imajine.
- _____ Yon moun ki aji bridsoukou se yon moun ki reflechi anpil.

3. Pami mo sa yo, antoure mo ki byen ekri yo.

chase fistibal refleshi wda lwa reflechi secha

4. Ekri nan chak kaz enfòmasyon sou tèks la.

Antoni ak krapo

Pèsonaj yo	Ki kote yo ye ?
_____	_____
_____	_____
_____	_____

Ki sa k pase ?	Ki sa Antoni fè aprè ?	Kòman sa fini ?
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____

5. Ekri yon tèks sou yon bèt ou ta renmen okipe.

Leson 120

1. Fè yon fraz ki gen konpleman :

- sikonstansyèl lye : _____
- sikonstansyèl tan : _____
- sikonstansyèl manyè : _____

2. Defini chak mo nan fason pa ou.

edikasyon	dwa	entèrese
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____

3. Koute fraz yo epi ekri yo.

4. Daprè pwezi ou te li a, ekri kèk dwa timoun genyen.

5. Ekri yon pwezi sou youn nan dwa timoun genyen.

Leson 121

1a. Nan chak fraz, pase yon trè anba non moun nan. Aprè sa a, pase de trè anba pwonon ki ranplase non moun nan.

- Jewòm di : « Mwen kontan! Antrenè a chwazi mwen pou kapitèn ekip la. »
- Pòl reponn Jewòm : « Mwen felisite w ! Ou ka konte sou mwen. »

1b. Konplete fraz yo ak pawòl pa w. Itilize pwonon *mwen*.

- Anèt di : « _____. »
- Pwofesè Eli avèti : « _____. »

2. Fè yon fraz ak chak mo sa yo.

santinèl nouvèl

3. Fòme mo ak silab yo.

bal ti fis : _____ ; vèl nou : _____ ; syon di ka e : _____

4. Daprè tèks ou te li a, reponn kesyon yo.

a. Pou ki sa konpe Kòk te di Mesye Rena : « Mwen fenk wè 2 ti lapen k ap vini la tout boulin. »

_____

_____

_____

b. Nan de pèsonaj yo, kilès ki pi entèlijan ? Pou ki sa ?

_____

_____

_____

5. Ekri yon tèks pou di ki pèsonaj ou te pi renmen nan istwa a. Pou ki sa ?

Leson 122

1a. Nan chak fraz, pase yon trè anba dezyèm non moun nan. Aprè sa a, pase de trè anba pwonon pèsonèl ki ranplase non moun nan.

- Sizèt di Remond : « Ou jwe oslè byen ! M ap ba ou senk bèl grenn oslè. »
- Remond reponn Sizèt : « Ou se yon bon zanmi ! M ap di ou mèsi anpil. »

1b. Konplete fraz yo ak pawòl pa w. Itilize pwonon pèsonèl *ou*.

- Rena di zwazo a : « _____. »
- Zwazo a reponn Rena : « _____. »

2. Mete V (vre) oswa PV (pa vre)

- _____ rena se yon gwo zwazo.
- _____ rena menm gwosè ak bèf.
- _____ rena se yon bèt ki gen riz.
- _____ rena sanble ak chen.
- _____ rena gen bouch plat.

3. Ekri enfòmasyon sou bèt sa a.

Bèt sa a se yon r _____.

Bouch li _____.

Zorèy li _____.

Li sanble ak yon _____.

4. Ou ta renmen ekri yon istwa sou konpè Chen ak konpè Chat. Ekri kèk enfòmasyon nan kaz yo.

Tit w ap bay istwa a : _____

Kalite ak Defo konpè Chat	Kalite ak Defo konpè Chen
_____	_____
_____	_____

Ki kote yo ye ?	Ki pwoblèm yo genyen ?
_____	_____
_____	_____

Ki sa yo fè ?	Kòman sa fini ?
_____	_____
_____	_____

5. Ekri yon istwa sou konpè Chen ak konpè Chat. (Itilize enfòmasyon ki nan egzèsis nimewo 4 la).

Leson 123

1a. Nan chak fraz, pase yon trè anba non moun ki nan premye fraz la. Aprè sa a, pase de trè anba pwonon pèsonèl ki ranplase non moun nan.

- Wozmon se yon bòs ebenis. Li travay byen. Michèl mennen li sou chantye a.
- Dede gen yon kabrit. Li renmen manje zèb. Dede mennen li nan jaden chak jou.

1b. Konplete fraz yo ak pawòl pa w. Itilize pwonon pèsonèl *li*.

Mitou se foutbolè. _____

_____

2. Ekri non kèk espò yon atlèt ka pratike.

3. Daprè tèks ou te li a, ekri ki kalite atlèt Sylvio Cator te ye.

4. Daprè tèks ou te li a, reponn kesyon yo.

a. Ki tit ou ta renmen bay tèks la ? lò fè.

b. Èske w dakò pou estad la gen non Sylvio Cator ? Pou ki rezon ?

5. Ekri yon tèks pou di si ou ta renmen vin yon atlèt menm jan ak Sylvio Cator. Pou ki sa ?

Leson 124

1a. Nan chak fraz, pase yon trè anba non toulède moun ki nan premye fraz la. Aprè sa a, pase de trè anba pwonon pèsonèl ki ranplase non toulède moun yo.

- Wozlò ak Jinèt se bon zanmi. Yo fè espò ansanm. Monitè a ede yo.
- Jilyen ak Manno renmen etidye. Yo fè devwa yo chak jou. Mèt la felisite yo.

1b. Konplete tèks la ak pawòl pa w. Itilize pwonon pèsonèl yo.

Pwofesè Bèl ak enspektè Damas te al nan match nan estad Sylvio Cator.

_____ .

_____ .

2. Konplete chak fraz ak youn nan mo sa yo.

rena ranpòte atlèt kotize

- Sylvio Cator te _____ yon bèl viktwa nan je olenmpik la.
- Tout moun nan katye a _____ pou konstwi yon bibliyotèk.
- _____ se yon bèt ki malen anpil.
- Anpil _____ patisipe nan chanpyona a.

3. Mo kache.

ranpòte kotize santinèl meday

m	e	d	a	i	l	s	a	n	t	i	n	è	è
e	d	b	g	k	o	t	i	z	e	r	a	z	l
d	s	a	n	t	i	n	è	l	z	m	y	w	r
a	n	r	r	a	n	p	ò	t	e	k	o	u	p
y	a	y	l	t	a	e	r	n	m	l	y	a	z

4. Ekri enfòmasyon sou Sylvio Cator. ?

Nasyonalite Sylvio Cator _____

Li fèt nan vil _____

Li fèt nan lane _____

Li mouri nan lane _____

Li te renmen fè espò tankou _____

Li patisipe nan je _____

Li te gen pi gwo viktwa li nan lane _____

5. Ekri yon tèks pou di tout sa ou konnen sou Sylvio Cator.

Leson 125

1. Konplete fraz yo ak yon pwonon pèsonèl.

Wonal ak Ramo se de bon zanmi. _____ rete nan menm katye. Ramo di Wonal : « _____ ta renmen vin yon gwo foutbolè. » Wonal reponn Ramo : « _____ dwe antrene chak jou si ou vle ranpòte meday. » Yon jou, Ramo al gade _____ k ap jwe nan estad la. _____ kontan wè jan Ramo konn jwe boul.

2. Fè flèch soti nan mo nan kolòn agoch (A) pou rive nan definisyon pa li ki nan kolòn adwat (B).

A	B
1. santinèl •	• moun k ap veye
2. atlèt •	• enfòmasyon
3. ranpòte •	• kapasite pou konprann
4. nouvèl •	• moun ki pratike yon espò
5. entèlijans •	• genyen yon konkou

3. Koute fraz yo epi ekri yo.

4. Èske ou renmen pwezi ou te li a ? Pou ki sa ?

5. Ekri yon pwezi sou Bouki ak Malis k ap jwe.

Leson 126

1a. Sèke lèt ki montre kontraksyon an.

- Manman Vyolèt ba l yon liv.
- Papa Lora eksplike l devwa a.

1b. Fè yon fraz ki gen kontraksyon « li » (Suiv modèl la).

2. Ekri tout mwayen ou konnen moun ka itilize pou kominike.

3. Ekri mo ki mache ak chak desen

_____

_____

4. Daprè tèks ou te li a, chwazi bon repons la.

a. Nan tan lontan pa t gen _____.

• telefòn • selilè • lèt

b. Moun ann Ayiti te konn peye _____ pou pale ak moun lòt bò dlo.

• ti kras kòb • yon monnen • chè

ch. Nan tan lontan, yo itilize _____ pou voye nouvèl ijan.

• telegraph • cheval • selilè

5. Ekri yon tèks pou di pou ki sa mwayen kominikasyon yo enpòtan.

Leson 127

1a. Sèke lèt ki montre kontraksyon an.

- M ap etidye chak jou.
- Manman m renmen bay konsèy.

1b. Fè yon fraz ki gen kontraksyon « mwen ».

2. Ekri yon anons ou ta renmen fè.

Anons

_____

_____

_____

3. Antoure tout mo ki mal ekri yo. Aprè sa, ekri yo byen.

- Lemonn chanje kounye a. Nan tan lontan pa t gen zafè celuilè. _____
- Nou te konn pale nan tolefòin yon fwa pa mwa sèlman. _____
- Nan tan lontan yo te konn sèvi ak tèlègraf pou voye mesaj. _____

4. Ou ta renmen achte yon aparèy pou kominike ak zanmi w. Ekri enfòmasyon sou aparèy ou vle achte a.

Ki kalite aparey li ye ?	Ki fòm li genyen ?	Ki koulè li ?
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____

Ki jan w ap itilize l ?	Ki moun w ap rele ?
_____	_____
_____	_____
_____	_____

5. Ekri yon tèks sou yon telefòn ou ta renmen achte (Itilize enfòmasyon ki nan egzèsis nimewo 4 la).

Leson 128

1a. Sèke lèt ki montre kontraksyon an.

- N ap mache bò rivyè a.
- N ap fè espò chak jou.

1b. Fè yon fraz ki gen kontraksyon « nou » (Suiv modèl la). la).

2. Desine yon zile.

3. Ekri mo ki mache ak chak desen.



4. Daprè tèks ou te li a, reponn kesyon an.

Ekri V (vre) oswa PV (pa vre).

- _____ Telefòn se yon mwayen pou vwayaje.
- _____ Avyon kouri pi vit pase bato.
- _____ Christophe Colomb te debake ann Ayiti nan avyon.
- _____ Wout kote tren yo sikile rele ray.
- _____ Avyon, bato, tren se mwayen pou vwayaje.

5. Ekri yon tèks sou kèk mwayen moun nan zòn ou an itilize pou vwayaje.

Leson 129

1a. Sèke lèt ki montre kontraksyon an.

- Papa w te vini yè.
- Valiz pa w la sou tab la.

1b. Fè yon fraz ki gen kontraksyon « ou » (Suiv modèl la). la).

2. Desine yon tren.

3. Ekri tout mwayen ou konnen moun ka itilize pou vwayaje.

4. Ou ta renmen vwayaje pou ale yon kote. Ekri nan kaz yo enfòmasyon ki konsène vwayaj la.

Ki kote ou prale ?	Ak ki moun ou prale ?
_____	_____
_____	_____
_____	_____

Ki mwayen w ap itilize pou vwayaje ?	Ki sa w ap fè lè ou rive ?
_____	_____
_____	_____
_____	_____

5. Ekri yon tèks sou yon vwayaj ou ta renmen fè (Itilize enfòmasyon ki nan egzèsis nimewo 4 la).

Leson 130

1. Nan chak fraz, ekri fòm kontraksyon mo sa yo : li, nou, mwen.

- _____ li achte yon selilè.
- _____ nou pran batiman.
- _____ mwen prale vizite Lagonav.

2. Ekri nan kaz yo twa mwayen pou kominike, twa mwayen pou vwayaje.

mwayen pou kominike	mwayen pou vwayaje
_____	_____
_____	_____
_____	_____

3. Koute fraz yo epi ekri yo.

4. Daprè pwezi ou te li a, eksplike sans fraz sa a: «Tout baryè vin kraze. »

5. Ekri yon pwezi sou telefòn.

Leson 131

1a. Nan chak fraz, souliye gwoup vèbal la. Aprè sa, sèke mo ki montre vèb la nan tan prezan.

- Ana ap benyen nan rivyè a.
- Lina ap etidye nan lakou a.

1b. Fè yon fraz ki gen yon vèb nan tan prezan. Itilize « ap ».

2. Ekri 3 dega tranblemandtè ka lakòz.

3. Separe mo yo epi kopye yo.

trenakoupiraytranbledmantètelegraf

4. Daprè tèks ou te li a, chwazi bon repons la.

a. Wonal ak Maks te nan _____.

- klas la
- lakou a
- bibliyotèk la

b. Yo te akoupi anba _____.

- chèz la
- yon monnen
- kabann nan

ch. _____ pa dire anpil tan.

- solèy la
- tranblemandtè
- rivyè a

5. Ekri tout sa ou dwe fè si yon tranblemandtè pase pandan ou nan klas la.

Leson 132

1a. Nan chak fraz, souliye gwoup vèbal la. Aprè sa, sèke mo ki montre vèb la nan tan pase.

- Ana te benyen nan rivyè a.
- Elèv yo te ale nan plaj.

1b. Fè yon fraz ki gen yon vèb nan tan pase. Itilize « te ».

2a. Ekri de kote ou santi ou *alabri.* _____ _____

2b. Ekri yon sitiyasyon ki ka *panike* ou.

_____

3. Mo kache.

alabri panike akoupi tranblemandtè

a l p a k t w s d t j z d t è
p a n i k e a k p i o w z s
a l a b r i l w a p k w l z
t r a n b l e m a n d t è k
a k o u p i r z a t u i w j k

4. Ekri nan kaz yo tout sa ki ka rive lè gen tranblemandtè.

Sa ki rive kay yo	Sa ki rive moun yo
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____

5. Ekri yon tèks pou di sa w ap fè si gen yon tranblemandtè.

Leson 133

1a. Nan chak fraz, souliye gwoup vèbal la. Aprè sa, sèke mo ki montre vèb la nan tan fiti.

- Ana pral benyen nan rivyè a.
- Lina pral etidye nan lakou a.

1b. Fè yon fraz ki gen yon vèb nan tan fiti. Itilize « pral ».

2. Fè yon fraz ak chak mo sa yo.

anvayi replik

3. Separe mo yo epi ekri fraz la korèkteman.

tranblemandetèpadireanpiltan.

4. Daprè tèks ou te li a, reponn kesyon an.

Ekri V (vre) oswa PV (pa vre).

- _____ Aprè tranblemandtè, moun dwe kanpe pre kloti ak kay.
- _____ Anvan nou mete tèt nou an serikite, nou ede lòt moun.
- _____ Mèt la di elèv yo fè dezòd lè y ap soti nan klas la.
- _____ Yon replik se yon tranblemandtè ki dire anpil tan.

5. Ekri yon tèks pou di ki sa ki merite fèt pou anpeche gen twòp dega lè gen tranblemandtè.

Leson 134

1. Pou chak fraz, ekri nan ki tan vèb la ye (prezan, pase, fiti).

- Elèv yo te chita nan lakou a. _____
- Chela pral vizite vil Senmak. _____
- Ivto ap li yon liv. _____

2. Chwazi youn nan mo nan parantèz yo pou konplete chak fraz.

- Tout elèv dwe byen _____ yo nan klas la. ***(konpòte/ dòmi)***
- Elèv yo an _____ nan lakou lekòl la. ***(kachèt/ sekirite)***
- Aprè tranblemandtè a fin pase, te gen kèk _____. ***(replik/ kay)***

3. Gen twa mo ki dekoupe an silab. Chèche epi ekri twa mo yo.

se re te kon ki pò ri te plik

4. Ekri nan kaz yo enfòmasyon sou jan moun dwe konpòte yo aprè tranblemandtè.

Dega yon tranblemandtè ka koze	Kèk aksyon moun dwe fè nan moman tranblemandtè a	Kèk konsèy pou tout moun mete an pratik
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____

5. Ekri yon tèks sou jan moun dwe konpòte yo aprè tranblemandtè (Itilize enfòmasyon ki nan egzèsis nimewo 4 la).

Leson 135

1a. Ekri fraz sa a nan tan pase.

Timoun yo ap tire kont sou lakou a.

1b. Mete fraz sa a nan tan fiti.

Yo te benyen nan Larivyè Griz, yo te manje mango, yo te bwè dlo kokoye.

2. Pou chak liy, sèke mo ki pa nan menm kategori a.

- panike
- alabri
- syèl
- anvayi

laperèz
danje
tranblemandtè
inonde

lajwa
sekirite
replik
imajine

3. Koute fraz yo epi ekri yo.

4. Ekri kèk mo ou ta renmen itilize nan yon pwezi sou tranblemandtè.

5. Ekri yon pwezi sou tranblemandtè. (Itilize mo ou ekri nan egzèsis nimewo 4 la).

Leson 136

1a. Souliye mo kontrè nan fraz yo.

- Kay la pwòp anpil.
- Kay la sal anpil.

- Patrik se yon komèsan rich.
- Patrick se yon komèsan pòv.

1b. Fè yon fraz ki gen mo kontrè *kontan*.

2. Fè de fraz ak mo *manke*. Nan chak ka, fraz la ak mo a dwe gen yon sans diferan.

3. Mete mo andezòd yo nan lòd.

larèzpe : _____ ; keman : _____ ; sachn : _____

4. Daprè tèks ou te li a, reponn kesyon yo.

a. Pou ki sa Katyana di : « *Pa gade m dwòl; pa di « podyab » lè m fin pase.* »

_____

_____

_____

b. Ki sa Katyana konn fè ?

_____

_____

_____

5. Ekri zanmi w yon lèt pou pale li de Katyana.

Leson 137

1a. Nan de fraz yo, pase trè anba mo sinonim yo.

- Masèl toujou move / Masèl toujou fache.
- Elyàn pa renmen fè jwèt brital / Elyàn pa renmen fè jwèt sovaj.

1b. Fè yon fraz ak mo *saj*. Aprè sa, fè yon lòt fraz ki gen sinonim mo *saj*. (Suiv modèl la).

2. Ekri kèk talan ou ta renmen genyen si ou te *atis*.

3. Fè yon fraz ak chak mo sa yo.

atis : _____

beki : _____

4. Ou pral ekri Katyana yon lèt. Ekri enfòmasyon yo nan kaz la.

Prezante tèt ou.	Rezon ki fè ou ekri Katyana.	Jan ou pral viv ak moun ki andikape.
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____

5. Ekri yon lèt pou voye bay Katyana (Itilize enfòmasyon ki nan egzèsis nimewo 4 la).

Leson 138

1a. Daprè desen an, souliye mo ki montre jan Lilyàn santi l.

laj tris nèf kontan

1b. Fè yon fraz ak kontrè mo ou te souliye a.

2. Chwazi nan parantèz la mo korèk la pou konplete chak fraz.

- Lè Lolo te piti, li te fè maladi _____. ***(polyo/ dwèt/ mache)***
- Maladi a lakòz men dwat Janin _____. ***(anfòm/ pòk/ solid)***
- Grann Altagras itilize yon _____ pou l mache. ***(beki/ chèz/ fil)***

3. Separe fraz yo epi kopye yo.

MwenreleKlifòdChal. Lèmwentepitimwentetrapemaladipolyo.

4. Daprè tèks ou te li a, reponn kesyon yo.

a. Pou ki rezon Klifòd ekri lèt la ?

_____

_____

_____

b. Èske ou panse moun ki andikape gen dwa ? Si wi pou ki sa ? Si non pou ki sa ?

_____

_____

_____

5. Ekri yon tèks pou di pou ki sa *ou dakò* pou gen lwa ki pwoteje moun andikape yo.

Leson 139

1a. Daprè desen an, souliye mo ki montre jan chanm Dani an ye.

fènwa degaye mawon

1b. Fè yon fraz ak yon lòt mo ki gen menm sans ak mo ou te souliye a.

2. Mete V oswa PV

- _____ palman se kote senatè ak depite reyini.
- _____ palman se youn moun ki pale anpil.
- _____ palman sanble ak yon gwo pye palmis.
- _____ palman se kote yo vote lwa.

3. Mo kache.

palman ranp andikape polyo beki

r a l k j n s s d è e k e w
a n d i k a p e n e l z s l
n n p o l y o y e y e n a
p e k o p a l m a n e k y
b e k o i n a b e k i n l s

4. Ou ta renmen ekri yon lèt pou eksplike majistra a jan li enpòtan pou respekte dwa andikape yo.

Prezante tèt ou.	Rezon ki fè ou ekri majistra a.	Kèk dwa andikape dwe genyen.
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____

5. Ekri yon lèt pou eksplike majistra a jan li enpòtan pou respekte dwa andikape yo (Itilize enfòmasyon ki nan egzèsis nimewo 4 la).

Leson 140

1a. Ekri nan kaz la twa sinonim mo *saj*.

_____ _____ _____

1b. Ekri nan kaz la twa mo kontrè *saj*.

_____ _____ _____

2. Fè yon flèch soti nan moso chak fraz pou relye li ak moso ki mache ak li.

A	B
• Devan danje sa a →	• Antwàn gen laperèz.
• Elèv yo te gen chans	• sou dwa timoun
• Atis sa a	• pou y al vizite gwòt Kounoubwa.
• Palman vote yon lwa	• konn jwe gita byen

3. Koute fraz yo epi ekri yo.

4. Èske ou te renmen pwezi ou te li *a*. Pou ki *sa*?

5. Ekri yon pwezi sou viv *ansanm*.

Leson 141

1. Ekri *K.O.D* si fraz la gen yon konpleman objè dirèk oswa *K.O.E* si fraz la gen yon konpleman objè endirèk.

- _____ Anita ap etidye ak zanmi li yo.
- _____ Elèv yo ap jwe foutbòl sou lakou a.
- _____ Senatè yo vote yon lwa sou dwa moun andikape.
- _____ Timoun yo ap repase leson yo anba pye zanmann nan.

2. Antoure bon repons la.

a. Aparèy ki pèmèt de moun pale.

• telefòn • ventilatè • televizyon

b. Moun ki pratike yon espò pou li patisipe nan konpetisyon.

• enjenyè • atlèt • fi kou gason

ch. Bay enfòmasyon sou yon aktivite ki pral fèt.

• istwa • anons • telegraf

3. Koute fraz yo epi ekri yo.

4. Ekri yon tèks pou di ki matyè ou pi renmen lekòl. Pou ki sa ?

Leson 142

1. Fè yon fraz ak chak advèb sa yo.

souvan plis dousman

2. Fè yon flèch pou relye mo yo ak definisyon ki mache ak yo.

A	B
• Bato.	• sekous ki fèt aprè yon tranblemandtè fin pase
• Panike.	• mwayen transpò pou wayaje sou dlo
• Ray.	• gwo laperèz
• Replik.	• wout pou tren woule
• Anvayi	

3. Koute fraz yo epi ekri yo.

4. Ekri yon tèks pou di ki sa ou pral fè pandan vakans la.

Leson 143

1. Fè yon fraz ak chak pwonon pèsonèl sa yo.

mwen li nou yo

2. Chèche mo ki gen rapò ak mo sekirite

alabri ranp santinèl konpoze kaskad

3. Koute fraz yo epi ekri yo.

4. Ekri yon tèks pou di si ou te nan plas Anita ki sa ou t ap fè lè ou wè fanmi w.

Leson 144

1. Nan chak fraz, souliye mo ki montre kontrasyon yo.

- L ale nan mache ak zanmi l.
- M ap soti avè l.
- W ap vini jwe avè m.

2. Souliye mo ki se sinonim viwonnen.

antoure trese sèke mare

3. Koute fraz yo epi ekri yo.

4. Ekri yon tèks pou di pou ki sa li enpòtan pou moun pase vakans ak fanmi li.

Leson 145

1. Ekri *P* lè fraz la nan tan prezan, *Pa* lè fraz nan tan pase, *F* lè fraz nan tan fiti.

Fraz	Prezan	Pase	Fini
Lapli te tonbe nan vil Okap.			
Rachèl ap naje nan rivyè a.			
Fanya pral pase vakans Ench.			

2. Ekri kèk mo ki gen rapò ak vakans.

3. Koute fraz yo epi ekri yo.

4. Ekri yon pwezi sou vakans.

Leson 146 Modèl evalyasyon 1

1. Li chak kesyon, aprè sa reponn yo daprè tèks la.

a. Ki sa ki te konn pote limyè nan tan lontan ?

_____

b. Kilès ki te fè premye anpoul elektrik la ?

_____

ch. Daprè tèks la, Thomas Edison te kreye yon konpayi. Ki jan li rele ?

_____

d. Ki kalite aparèy konpayi Thomas Edison nan te kreye ?

_____

2. Antoure bon repons la.

a. Daprè tèks la, Thomas Edison te envante yon aparèy mizik ki rele:

- Radyo
- frijidè
- fonograf

b. Daprè tèks la, Thomas Edison fèt :

- 11 fevriye 1747
- 11 fevriye 1847
- 11 fevriye 1947

3. Daprè ou, èske travay Thomas Edison yo itil ? Pou ki sa ?

4. Pami mo ki nan parantèz yo, chwazi, nan lis a kote a, mo ki mache ak definisyon an.

a. Krent yon moun genyen anfas yon danje, nan yon sitiyasyon : **kalite, souke, laperèz.**

b. Sekous ki fèt tanzantan aprè yon tranblemandtè fin pase : **tranble, replik, panike.**

ch. Moustik ki bay moun malarya : **anofèl, marengwen, mouch.**

5. Fè yon flèch soti nan mo ki nan kolòn agoch (A) pou rive nan definisyon pa li ki nan kolòn adwat (B).

A	B
1. Takinen	a. Maladi timoun piti ka trape epi ki lakòz li paralize.
2. Palman	b. Pran plezi nan annuiye yon moun.
3. Polyo	ch. Moun ki gen talan pou kreye bèl zèv.
4. Atis	

6. Rekopye chak fraz epi ranplase mo ki souliye a ak sinonim li.

a. Jodi a, van an ap soufle anpil.

_____

b. Anpoul ki sou galri a briye.

_____

7. Ekri fraz sa yo nan tan pase.

a. Elèv yo pral vizite Palè twasanswasannsenk pòt.

_____

b. Jaklin ap jwe sou lakou a.

_____

ch. Lorèt ap li yon bèl istwa.

_____

8. Nan chak fraz, pase yon trè anba pwonon sijè a epi pase de trè anba pwonon konpleman an.

- Li renmen ale flannen ak mwen.
- Li wè direktè a ki ap pale ak nou.

9. Kopye chak fraz, pandan n ap ekri pwonon ki souliye a nan fòm kontrakte.

a. Mwen ap ekri nan yon fèy blan.

_____

b. Manman li vini depi yè.

_____

ch. Matin te rankontre ou yè

_____

10. Ekri yon tèks pou di ki jan anpoul elektrik itil nan lari ak nan kay.

Leson 147 Modèl evalyasyon 2

1. Li chak kesyon, aprè sa reponn yo daprè tèks la.

a. Depi kilè siwo myèl egziste ?

_____

b. Ki jan yo rele espas espesyal kote myèl yo rete a ?

_____

ch. Site kèk eleman nou jwenn nan siwo myèl.

_____

d. Ki lòt non myèl genyen ?

_____

2. Souliye bon repons la.

a. Pou myèl yo fè siwo, yo sèvi ak _____

- Polèn ak sik
- Nekta flè ak sik
- Polèn ak nekta flè

b. Daprè tèks la, siwo myèl enpòtan _____

- pou fyèv malarya
- pou enfeksyon
- pou moun ki enfim

3. Daprè ou, èske li enpòtan pou moun sèvi ak siwo myèl ? Pou ki sa ?

4. Chwazi bon repons la.

Polisyon vle di :

a. divès kalite objè moun ka itilize

b. dega anviwònman an sibi lè yo mete divès kalite dechè ladan

ch.pran plezi nan annuiye yon moun.

5. Konplete chak fraz ak mo ki kòrèk la.

Radyografi Laboratwa Konje

a. _____ Jou ki pa gen lekòl ak travay.

b. _____ Espas nan yon lopital kote yo fè tout kalite egzamen medikal.

ch. _____ Imaj yon pati anndan kò yon moun.

6. Fè flèch soti nan mo ki nan kolòn agoch (A) la pou rive nan definisyon pa li ki nan kolòn adwat la (B).

A	B
1. Takinen	a. teknik ki pèmèt nou ranmase dechè yo pou nou itilize yo ankò nan pwodiksyon obje ki itil.
2. Izin	b. pran plezi nan annuiye yon moun.
3. Resiklaj	ch. kote yo pwodui divès kalite objè moun ka itilize.
4. Nouvèl	

7. Konplete fraz sa yo.

a. Yon pwonon se yon mo ki ranplase yon _____

b. Pwonon pèsonèl sijè a toujou plase _____ yon vèb.

ch. Pwonon an ka gen fonksyon konpleman objè _____ ak konpleman objè _____

8. Nan chak fraz, souliye gwoup vèbal la. Aprè sa, mete V sou vèb la, K.O.E sou konpleman objè endirèk la.

a. Filip pale ak manman li.

b. Manno ap jwe ak Lora.

9. Ekri yon tèks pou pale de fanmi ou.

Leson 148 Modèl evalyasyon 3

1. Li chak kesyon, aprè sa reponn yo daprè tèks la

a. Ki tit tèks la ?

_____

b. Ki dwa tout moun genyen daprè tèks la ?

_____

ch. Ki bò pou timoun yo aprann eksprime opinyon yo ?

_____

d. Daprè tèks la, ki sa pwofesè yo dwe fè nan lekòl yo ?

_____

2. Èske ou panse li enpòtan pou paran ak pwofesè kite timoun yo di sa yo panse ? Pou ki sa ?

3. Antoure lèt ki gen bon repons la.

Daprè tèks la :

a. Se sèl granmoun ki gen dwa pale

b. Timoun gen dwa pale lib e libè

ch. Timoun gen dwa dezobeyi granmoun

4. Chwazi youn nan mo sa yo pou konplete chak fraz.

ekonomi lwa enterese kachèt dwa

a. Tout timoun yo gen _____ pou ale lekòl.

b. Depite ak senatè yo vote _____ pou pwoteje timoun yo.

ch. Lendò _____ pou li aprann jwe twonpèt.

5. Re-ekri fraz yo pandan w ap ranplase mo ki souliye yo pa youn nan mo ki nan parantèz yo. Fraz la dwe gen menm sans la.

a. Van an ap vante maten an. ***(soufri - soufle)***

_____

b. Nouvèl sa a boulvèse tout moun. ***(trakase - twonpe)***

_____

6. Fè yon fraz ki gen konpleman :

a. sikonstansyèl lye : _____

b. sikonstansyèl tan : _____

ch. sikonstansyèl manyè : _____

7. Li tèks la byen aprè sa korije mo ki mal ekri yo.

Jac se yon ti gason sage. Li toujou koute toute koncèy parant li. Lakay li parant li yo toujou kite li exprimer opinion li.

8. Ekri yon tèks sou kèk lòt dwa ou konnen timoun genyen.

9. Ekri yon ti tèks pou di granmoun yo jan ou ta renmen pou yo respekte dwa tout timoun.

Leson 149 Modèl evalyasyon 4

1. Li chak kesyon, aprè sa reponn yo daprè tèks la.

a. Resèt ki manje yo bay nan tèks la ?

_____

b. Ekri de lòt non malanga genyen ?

_____

ch. Si n ap fè akra, ki sa nou ka mete nan plas mori a ?

_____

2. Ekri kèk epis nou ka mete nan akra ?

_____

3. Fè flèch soti nan mo ki nan kolòn agoch (A) pou rive nan definisyon pa li ki nan kolòn adwat (B).

A	B
1. Santinèl.	a. Moun k ap veye.
2. Atlèt.	b. Enfòmasyon
3. Ranpòte.	ch. Kapasite pou konprann.
4. Nouvèl.	d. Moun ki pratike yon espò.
5. Entèlijans.	e. Genyen yon konkou.
6. Dwa.	

4. Nan chak kaz, ekri 2 manje ou ka fè, 2 jwèt ou konn fè.

Manje ou konn fè	Jwèt ou konn fè
_____	_____
_____	_____

5. Ekri yon fraz ki gen yon konpleman sikonstansyèl tan.

_____

6. Konplete fraz sa yo.

a. Yon _____ se yon tèks ki rakonte istwa lavi yon moun.

b. Lè yon mo pèdi youn oubyen plizyè son yo rele sa _____.

ch. Pwonon pèsonèl sijè a toujou plase _____ yon vèb.

7. Ekri yon tèks pou di tout etap ki ka pèmèt ou reyalize yon manje ou ta renmen fè.

8. Ekri yon tèks pou di pou ki sa li enpòtan pou gason kou fi konn fè manje.

Leson 150 Modèl evalyasyon 5

1. Li chak kesyon, aprè sa reponn yo daprè tèks la.

a. De kilès tèks la pale ?

_____

b. Ki sa melodi Manmzèl Lasigal anonse ?

_____

ch. Ki sa silans Manmzèl Lasigal anonse ?

_____

d. Kay kilès Manmzèl Lasigal te ale ?

_____

2. Lasigal te gaspiye tout tan li ap chante. Èske ou panse li te byen aji ? Pou ki sa ?

3. Pou chak fraz, antoure bon repons la.

a. Aparèy ki pèmèt de moun pale.

• telefòn • vantilatè • televizyon

b. Moun ki pratike yon espò pou li patisipe nan konpetisyon.

• enjenyè • atlèt • fi kou gason

ch. Bay enfòmasyon sou yon aktivite ki pral fèt.

• istwa • anons • telegraf

4. Ekri mo kontrè chak mo bò kote li. Aprè sa fè yon fraz ak mo kontrè a.

a. pwòp : _____

fraz : _____

b. gwo : _____

fraz : _____

ch. kontan : _____

fraz : _____

5. Nan chak fraz, ekri nan ki tan vèb la ye.

a. Manmzèl Lasigal te chante lajounen kou lannuit. _____

b. Keti pral vizite basen Zim. _____

ch. Vensan ap li yon liv. _____

6. Fè flèch soti nan mo ki nan kolòn agoch (A) pou rive nan definisyon pa li ki nan kolòn adwat (B).

A	B
1. Pwonon	a. Se yon mo ki gen yon sans opoze avèk yon lòt mo.
2. Sinonin	b. Endike nan ki moman yon aksyon fèt.
3. Tan yo	ch. Se yon mo ki gen menm sans ak yon lòt mo.
4. Mo kontrè	d. Konplete sans vèb la nan yon fraz.
5. Konpleman objè dirèk	e. Se yon mo ki ranplase yon non nan yon fraz.

7. Li tèks la byen aprè sa korije mo ki mal ekri yo.

Nadèj ap vive nan komine Pilat. Li gen pliziè frè ak sè. Nadèj rinmen tout fenmi li.

8. Ekri yon tèks pou di si ou te nan plas Man foumi, èske ou t ap prete Manmzèl Lasigal pwovizyon ? Pou ki sa ?



Liv sa a fèt epi li pibliye an kolaborasyon avèk Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) Gouvènman Ayisyen an, gras a yon èd ki soti nan ajans amerikèn U.S. Agency for International Development (USAID), nan kad Aktivite Rechèch Aplike Tout Timoun Ap Li – ToTAL, dapre kontra No. EHC-E-00-0004-00 pwogram èd USAID ki rele EdData II Technical and Managerial Assistance.

Novanm 2014